

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Métode Panalungtikan**

Métode panalungtikan mangrupa léngkah nu digunakeun ku panalungtik dina salahihiji rancangan ngumpulkeun informasi atawa data sarta ngalakukeun hiji invéstigasi dina data nu geus dipaluruh. Ieu rancangan ngagambarkeun prosedur atawa léngkah-léngkah anu rék dihontal, waktu panalungtikan, sumber data, kondisi di mana data dikumpulkeun, jeung kumaha ieu data disimpen jeung diolah (Sukmadinata, 2015 kc. 52).

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode kuantitatif ngaliwatan pamarekan ékspérимén, di mana ieu métode miboga tujuan pikeun nguji pangaruh hiji variabel jeung variabel séjén atawa nguji hubungan *sebab-akibat* hiji variabel jeung variabel séjénna. Métode panalungtikan ékspérимén bédá jeung métode séjénna, nyaéta ayana tindakan ngontrol (pengontrolan) ka variabel panalungtikan sarta ayana perlakuan ka kelompok ékspérимén. Nurutkeun Sukmadinata (2015, kc. 194) panalungtikan ékspérимental mangrupa panalungtikan nu has. Pangna disebut has lantaran bisa katitén tina dua hal. Nu kahiji, panalungtikan ékspérимén nguji sacara langsung pangaruh hiji variabel ka varibel liana. Kadua nguji hipotésis hubungan *sebab-akibat*. Panalungtikan ékspérимén dina pangajaran mangrupa panalungtikan nu miboga tujuan pikeun mikanyaho aya atawa henteuna akibat tina hiji perlakuan dina kgiatan diajar jeung pendekatan, métode, strategi, atawa media nu lianna. Ieu métode ékspérимén dilakukeun sacara ngabandingkeun hiji kelompok ékspérимén nu dibéré perlakuan, jeung hiji kelompok séjén nu teu dibéré perlakuan. Panalungtikan ékspérимén bisa dibédakeun kana opat bagian nyaéta *pre-experimental design (nondesign)*, *true experimental design*, *factorial design*, *quasi experimental design* (Sugiyono, 2017 kc.73).

Métode ékspérимén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode ékspérимén murni (*true experimental design*). Ieu ékspérимén nurutkeun prosedur


jeung nyumponan sarat-sarat ékpérimén utamana dina ngontrol variabel, kelompok kontrol, méré perlakuan, atawa manipulasi kagiatan sarta nguji hasil. Panalungtikan ékspérimén sifatna nguji, sahingga variabel nu diujikeun kudu diukur ngagunakeun instrumén nu geus distandardeun atawa dibakukeun. Instrumén nu dibakukeun jeung hasil panalungtikan diolah ngagunakeun analisis *inferensial-parametrik*. Ieu cara bisa némbongkeun ayana parobahan mangrupa akibat tina parobahan kana variabel bébas atawa perlakuan. Kusabab kitu, sakabéh variabel di luar variabel bébas kudu dikontrol. Pengontrolan variabel dilakukeun sacara nyaruakeun karakteristik *sampel* dina variabel-variabelna.

Ieu métode ékspérimén digunakeun pikeun nguji stratégi pangajaran PRP dina pangajaran maca warta. Dumasar kana ieu métode, panulis miboga harepan yén ieu desain bisa ngungkulan pasualan siswa dina maca warta.

### 3.2 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan maké pamarekan kuantitatif. Desain anu dipakéna nyaéta *posttest-Only Control Design* (ékspérimén murni). Ieu panalungtikan maké kelas ékspérimén jeung maké kelas kontrol. Miboga tujuan pikeun mikanyaho bédana antara kamampuh maca siswa teu ngaunakeun jeung ngagunakeun startégi PRP.

Kamampuh maca siswa dina ieu métode diuji sakali, nyaéta dua kelas nu dipilih sacara random, tuluy dibéré *treatment (post-test)* ngagunakeun stratégi PRP. Anapon struktur tina ieu desain bisa digambarkeun saperti ieu di handap.



(Sugiyono, 2017 kc. 76)

Keterangan :

- R : kelas VIII SMP Negeri 12 Bandung nu dipilih sacara random, pikeun nangtukeun kelas ékspérimén jeung kelas kontrol
- O<sub>1</sub> : kamampuh maca warta siswa sabada ngagunakeun stratégi *practice rehearsal pairs (pretest)*
- X : *treatment* pangajaran maca warta ngagunakeun stratégi *practice rehearsal pairs*
- O<sub>2</sub> : kamampuh maca warta siswa sabada teu ngagunakeun stratégi *practice rehearsal pairs (post-test)*

Dina ieu panalungtikan aya dua kelompok nu dipilih sacara random (R). Kelompok ka hiji dibéré *treatment* (X) jeung kelompok nu séjénna henteu. Kelompok nu dibéré *treatment* disebut kelompok ékspérimén jeung kelompok nu teu dibéré *treatment* disebut kelompok kontrol. Ayana pangaruh *treatment* nyaéta (O<sub>1</sub>:O<sub>2</sub>). Dina panalungtikan nu sabernera, pangaruh *treatmeant* dianalisis ngagunakeun uji béra, ngagunakeun statistik t-test. Nalika aya béra anu signifikan antara kelompok éskpérimén jeung kelompok kontrol, maka *treatment* nu ditepikeun mangaruhan sacara signifikan (Sugiyono, 2017 kc. 76).

### **3.3 Populasi jeung Sampel**

#### **3.3.1 Populasi**

Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 80) populasi nyaéta wilayah generalisasi nu diwangun ku objék atawa subjék nu miboga kualitas jeung karakteristik nu tangtu ditetepkeun ku panalungtik pikeun ditalungtik satuluyna dijieun kacindekanna. Ditilik tina éta wangenan, nu dijadikeun populasi dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2019/2020.

#### **3.3.2 Sampel**

Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 81) sampel nyaéta bagian tina jumlah jeung karakteristik nu dipiboga ku éta populasi. Sampel dina ieu panalungtikan dipilih sacara *Sample Random Sampling* anu milihna sacara acak. Ku kituna, nu jadi sampel dina ieu panalungtikan, saperti dina tabél 3.1

**Tabél 3. 1**  
**Sampel Panalungtikan**

<b>Sampel</b>	<b>Kelas</b>	<b>Jumlah</b>		<b>Jumlah Siswa</b>
		<b>Awéwé</b>	<b>Lalaki</b>	
Ékspérimén	VIII A	16	16	32
Kontrol	VIII B	16	16	32


### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat pikeun nyangking data. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Arikunto (2013, kc. 203) instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data, sangkan leuwih gampang, hasilna leuwih hadé, leuwih lengkep, jeung sistematis dina ngolah datana. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés maca, ngagunakeun stratégi PRP. Tés mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kana hasil kamampuh maca warta. Tés dilaksanakeun dina wangun tés lisan nu mangrupa paréntah siswa maca warta.

Nurutkeun Haerudin & Suherman (2013, kc. 128) yén kritéria pikeun ngukur kamahéran kamampuh nyarita dikelompokkeun jadi dua bagian, nyaéta: 1) aspek kabasaan, ngawengku intonasi, pelafalan, jeung volume sora; jeung 2) éksprési, ngawengku gerak, paroman, jeung penghayatan (neuleuman eusi) nu rék dilarapkeun dina meunteun hasil kamampuh maca siswa dina pangajaran maca warta.

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu bisa dititén saperti ieu dihandap.

Gambar 3.1  
Instrumén Panalungtikan

- 
1. maca ilo téks warta ieu di handap, sing tenget !  
 2. sanggeus bérés, pék bacakeun sing bedas di hareupeun kelas kalawan daria jeung soson-soson!

\*\*BUBUKA

ASSALAMUALAIKUM WR.WB.

SAMPURASUN// PAMIARSA/ SAWATARA INFORMASI ANU PARANTOS DITATAHARKEUN KU RÉNGRÉNGAN AIS PANGAMPIH RIKSA BUDAYA SUNDA/ SEJA DIDADARKEUN DINA DINTEN IEU// ÉDISI SALASA/ KAPING DUA PULUH PÉBRUARI DUA RÉBU DALAPAN BELAS// PAMIARSA/ SIM KURING PUN ..... / SEJA NGADADARKEUN IBER SALENGKEPNA//

- .....  
 1. DOROKDOK / KATUANGAN HAS GARUT

\*\*KABUPATEN GARUT TÉH EUYEUB PISAN KU KATUANGANNA// SALASAHIJINA NU MOAL BIREUK DEUI KEUR BALAREÁ / NYA ÉTA KURUPUK DOROKDOK / ANU BAHAN DASARNA KULIT SAPI ATAWA KULIT MUNDING// MÉH UNGGAL WAKTU / IEU KURUPUK DIPRODUKSI KU SAWATARA PANGUSAHA / CARA FIRMAN SETIAWAN / PRODUSEN KURUPUK / WARGA KAMPUNG SUKAREGANG / KALURAHAN KOTA WÉTAN / KACAMATAN GARUT KOTA// NURUTKEUN FIRMAN / NGOLAH ATAWA NYIEUN IEU KURUPUK TÉH / BASAJAN JEUNG GAMPIL NAKER// MASARKEUN DOROKDOK OGÉ TEU HÉSÉ// SAJABA TI DIPASARKEUN KA SENTRA OLÉH-OLÉH DI SAPANJANG JALAN RAYA DI GARUT JEUNG TEMPAT PELESIR / OGÉ DIKIRIMKEUN KA SAWATARA TEMPAT DI SAKULIAH INDONESIA//


.....  
 \*\*PAMUNGKAS

PAMIARSA/ WARTA ANU NEMBÉ MANGRUPA INFORMASI PAMUNGKAS/ DINA PIDANGAN RIKSA BUDAYA SUNDA DINTEN IEU// AYA SAUR TI SEPÜH URANG// “KA CAI JADI SALEUWI / KA DARAT JADI SALEBAK”// MUGIA JANTEN LENYEPANEUN KANGGO URANG SADAYA// NGAWAKILAN AIS PANGAMPIH RIKSA BUDAYA SUNDA/ SIM KURING PUN ..... / SEJA AMIT MUNGKUR/ AMIT MUNDUR//

### 3.5 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan kawilang penting pikeun lumangsungna panalungtikan, lantaran dina prosedur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu rék dilaksanakeun ku panalungtik. Nurutkeun Jonker jeung Pennink (dina Maulida, 2016 kc. 38) prosedur atawa léngkah nu digunakeun panalungtikan dimimitian ku nangtukeun masalah jeung milih masalah. Masalah nu jadi kasang tukang dina ieu panalungtikan nyaéta siswa ngarasa balueung sarta teu apal kumaha cara maca warta anu hadé tur merenah, kurangna rasa *percaya diri* siswa, jeung kurang ngirutna cara guru nepikeun matéri ka siswa. Sangkan leuwih jéntré prosedur panalungtikan baris digambarkeun saperti ieu di handap.

Bagan 3. 2  
Prosedur Panalungtikan



Sangkan leuwih jéntré, prosedur panalungtikan baris dipedar ieu di handap:

1. Tatahar Panalungtikan

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik nangtukeun pamarekan naon nu baris dipilih. Pamarekan anu dipilih nyaéta pamarekan kuantitatif nu ngagunakeun studi ékspérimén ka siswa kelas VIII SMP Negeri 12 Bandung. Satulunya panalungtik nganalisis masalah nu karandapan dina pangajaran maca warta. Sanggeus milih masalah anu baris ditalungtik, tuluy diidéntifikasi tur diwatesanan.

2. Ngarumuskeun Hipotésis

3. Ngarumuskeun Instrumén

4. Kelas dibagi dua, kelas ékspérimén jeung kelas kontrol

5. Ngalaksanakeun Panalungtikan jeung Ngumpulkeun Data

Sanggeus kelas dibagi dua, diayakeun *treatment* ka kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Tuluy ngalaksanakeun *post-test* pikeun meunangkeun data. Tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran maca warta dina sanggeus ngagunakeun stratégi PRP.

6. Nganalisis Data

Data nu geus dimeunangkeun ngaliwatan *post-test*, tuluy panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis hasil maca warta siswa ku cara ngagunakeun aplikasi IBM SPSS vérsi 26.

7. Kacindekan

Sanggeus menangkeun hasil tina data nu geus dianalisis, panalungtik nyieun kacindekan tina sakabéh prosés nu geus dilaksanakeun.

### **3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Téhnik tés dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nyangking data saméméh dibéré *treatment* atawa sanggeus dibéré *treatment* siswa dina prosés pangajaran maca warta.

Ai Sylvia Nurpiansari, 2020

**STRATÉGI PRACTICE REHEARSAL PAIRS DINA PANGAJARAN MACA WARTA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan upi.edu

Ieu tés dilaksanakeun sabab data nu dibutuhkeun nyaéta ngeunaan kamampuh siswa dina maca warta. Ieu data bisa hasil ngaliwatan hiji ukuran ngagunakeun téhnik tés, ari téhnik dokuméntasi anu dipaké pikeun ngumpulkeun hasil data jeung ngalengkepan informasi salila lumangsungna siswa nalika maca warta dihareupeun kelas saméméh jeung sanggeus maké stratégi PRP.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina téhnik ngumpulkeun data ngawengku jadi lima tahapan, diantarana.

- a. guru ngabagikeun téks warta;
- b. guru ngayakeun *treatment* pikeun prosés pangajaran;
- c. ngalaksanakeun prosés pangajaran ngagunakeun stratégi PRP kana maca warta; jeung
- d. sanggeus ngalaksanakeun pangajaran ngaliwatan stratégi PRP, siswa ngalaksanakeun *post-test* pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus dibéré *treatment*. Hasilna éfektif atawa henteu, ieu hal bisa katitén dina babandingan nilai di kelas kontrol jeung di kelas ékspérimén ngaliwatan *post-test* dina panalungtikan.

### **3.7 Analisis Data**

Téhnik nganalisis data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Téhnik ngolah data maksudana pikeun nyangking jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan dicangking tina tés, nu ngaliwatan *post-test*. Sanggeus data hasil observasi jeung studi pustaka dimeunangkeun, tuluy datana diolah ngagunakeun aplikasi IBM SPSS vérsi 26.

Analisis data dina ieu panalungtikan dilakukeun ngaliwatan sababaraha tahapan saperti ieu di handap.

- a. Hasil tina *post-test* dipariksa sarta dianalisis; jeung
- b. Méré peunteun kana hasil *post-test* siswa kalawan ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\sum \text{Skor Siswa} \times 100}{\sum \text{SkorMaksimal}}$$

(Arikunto, 2013 kc. 182)

Keterangan :

- P : peunteun  
 $\sum$  Skor Siswa : jumlah peunteun siswa  
 $\sum$  SkorMaksimal : jumlah peunteun maksimal

**Tabél 3. 2**  
**Aspek nu Dipeunteun dina Maca Warta**

Aspek nu Dipeunteun	Skor	Kritéria	Skor Maksimal
Maham kana eusi warta	5	Hadé pisan, kalayan maham kana eusi warta nepikeun informasi anu lengkep	5
	4	Hadé, kalayan maham kana eusi warta luyu jeung téma, nepikeun informasi cukup	
	3	Sedeng, kalayan maham kana eusi warta luyu jeung téma, nepikeun informasi kurang	
	2	Kurang, kalayan maham kana eusi warta luyu jeung téma tapi teu nepikeun informasi	
	1	Kurang pisan, kalayan teu maham kana eusi warta, teu nepikeun informasi	
Artikulasi	5	Hadé pisan, kalayan artikulasi nu bener tur merenah	5
	4	Hadé, kalayan artikulasi nu bener	
	3	Sedeng, kalayan artikulasi nu bener, kurang merenah	
	2	Kurang, kalayan artikulasi aya nu salah	

Ai Sylvia Nurpiansari, 2020

STRATÉGI PRACTICE REHEARSAL PAIRS DINA PANGAJARAN MACA WARTA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan upi.edu

	1	Kurang pisan, kalayan artikulasi réa nu salah	
Wirahma/ Témpo	5	Hadé pisan, kalayan wirahma/ témpo nu bener tur merenah	5
	4	Hadé, kalayan wirahma/ témpo nu bener	
	3	Sedeng, kalayan wirahma/ témpo nu bener, kurang merenah	
	2	Kurang, kalayan wirahma/ témpo aya nu salah	
	1	Kurang pisan, kalayan wirahma/ témpo réa nu salah	
Lentong Kalimah	5	Hadé pisan, kalayan lentong nu bener tur merenah	5
	4	Hadé, kalayan lentong nu bener	
	3	Sedeng, kalayan lentong nu bener, kurang merenah	
	2	Kurang, kalayan lentong aya nu salah	
	1	Kurang pisan, kalayan lentong réa nu salah	

Sumber : KIKD jeung Nurgiyantoro (2016, kc. 67) kalayan diropéa.

Tabél 3. 3  
Katégori Peunteun Maca Warta

Peunteun	Katégori
$\leq 75$	Can Tuntas
$\geq 75$	Tuntas

Pikeun ngasupkeun peunteun jeung skor kritéria maca warta make format skala meunteun ieu di handap.

Tabél 3. 4  
Format Skala Peunteun Maca Warta

Kode siswa	Aspék anu dipeunteun dina maca warta				$\Sigma$	P	Katégori
	A	B	C	D			
1.							
2.							
3.							

**Keterangan :**

A : maham kana eusi warta

B : artikulasi

C : lentong kalimah

D : wirahma/ témpo

$\Sigma$  :jumlah total

P : peunteun

Kategori : tuntas/ can tuntas

### 3.8 Uji Sipat Data

Sanggeus ngumpulkeun data, tuluy nguji sipat data kucara uji normalitas jeung uji Homogénitas pikeun nguji hipotésis carana saperti ieu di handap.

#### 3.8.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga fungsi pikeun meunangkeun hasil distribusi normal atawa henteuna data nu dipaké dina hiji panalungtikan. Pikeun nangtukeunna ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk (SW)*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap:

$H_0$  : distribusi data normal

$H_a$  : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Shapiro Wilk*, ku taraf signifikansi 5% ( $\alpha = 0,05$ ). Kriteria ngujina saperti ieu di handap:

$H_0$  : ditarima atawa  $H_a$  ditolak, nalika nilai sig (signifikansi)  $\geq 0,05$

$H_a$  : ditolak atawa  $H_0$  ditolak, nalika nilai sig (signifikansi)  $< 0,05$

### 3.8.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas mangrupa méré gambaran homogén atawa atawa henteuna variasi sampel dina populasi nu sarua. Anapon hipotésis pikeun uji homogénitas saperti ieu di handap:

$H_0$  : Varian sampel homogén

$H_a$  : Varian sampel teu homogén

Uji homogénitas dilakukeun ku uji *Lavence* ku taraf signifikansi 5% ( $\alpha = 0,05$ ).

Kritéria ngujina saperti ieu di handap:

$H_0$  : ditarima, nalika nilai sig (signifikansi)  $\geq 0,05$

$H_a$  : ditolak, nalika nilai sig (signifikansi)  $< 0,05$

### 3.8.3 Uji Hipotésis

Dina nguji hipotésis aya dua cara nu dipaké. Saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data miboga distribusi data normal, dina nguji data hipotésisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun uji t-tes. Ari statistik non paramétris digunakeun saupama data hasil uji normal nuduhkeun data miboga distribusi data teu normal kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

Ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria saperti ieu di handap:

- $H_a$  (Hipotésis Alternatif) : Stratégi *Practice Rehearsal Pairs* miboga pangaruh pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2019/2020.  $H_a: p \leq 0$ ,  $H_0: p > 0$
- $H_0$  (Hipotésis Nol) : Stratégi *Practice Rehearsal Pairs* henteu miboga pangaruh pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2019/2020.  $H_0: p \leq 0$ ,  $H_a: p > 0$